

# Laverite Sou Mantòl ki nan Pwodwi ki Fèt ak Tabak yo

## Kisa Mantòl la ye ?

Mantòl se yon sibstans ki gen gou mant yo ajoute nan pwodwi ki fèt ak tabak yo ki kache kijan fimèn ap rache gòj ou.



### Poukisa mantòl se yon pwoblèm?

Sigarèt mantole yo danjere menm jan ak sigarèt ki pa gen mantòl yo, men aditif mantòl la **rann li pi fasil pou adolesan yo kòmanse fimèn**. Fimèn ka bay plis pase 10 kalite kansè, maladi kè, konjesyon serebral, dyabèt ak anpil lòt maladi.



### Mantòl fè jèn moun yo tizè tabak.

- Èske w te konnen nan dènye ane yo **plis pase mwatye** jèn nan vil Nouyòk ki te fimèn sigarèt te anjeneral fimèn sigarèt mantole?
- Jèn moun ki fimèn sigarèt mantole yo montre plis siy yo se tizè nikotin pase moun ki fimèn sigarèt ki pa gen mantòl yo.



### Endistri tabak la fè piblisite pou pwodwi tabak mantole yo pou adolesan yo ak kominote moun ki pa ras Blan yo.

- Maketing yo fè ki vize kominote moun ki pa nan ras Blan yo kontribye nan ogmante kantite moun pami moun Nwa ki fimèn yo soti nan **5% nan ane 1950 yo pou rive nan 85% nan nivo nasyonal jounen jodi a**. Nan Vil New York, 89% adilt Nwa ki fimèn ak 68% adilt Latino ki fimèn itilize sigarèt mantole.
- Endistri tabak la fè sigarèt mantole yo kòm yon **pwodwi "kòmansman"** pou fè jèn yo vin tizè tabak.



### Kijan endistri tabak la vann sigarèt mantole yo?

- Chak ane, pi gwo konpayi tabak nan Etazini yo depanse prèske **8 milya dola** nan fè maketing pou tout pwodwi tabak yo. Sa se prèske \$1 milyon dola chak inèdtan!
- Plis pase youn sou chak twa sigarèt yo vann Ozetazini se sigarèt mantole.



### Kisa kominote yo kapab fè?

- Òganizasyon kominotè yo ak òganizasyon relijye yo, atravè peyi a, òganize yo pou yo reziste kont tabak mantole nan katye yo.
- Plizyè vil Ozetazini, tankou San Francisco ak Minneapolis, te pase yon entèdiksyon sou mantòl ak lòt pwodwi ki fèt ak tabak awomatize yo oswa yo limite kantite pwodwi tabak mantole k ap vann tou pre lekòl yo ak pak yo.



Kontakte gwoup k ap lite kont konsomasyon tabak nan lokalite w la oswa voye yon imèl bay **tobacco@health.nyc.gov** pou w konn kisa ou kapab fè pou w konbat tabak nan kominote w la.

**NYC**  
Health